# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक लखनऊ के राष्ट्रीय वनस्पति अनुसंधान संस्थान में आजु दुइ दिन ले चले वाला सीएसआईआर स्टार्ट–अप कॉन्क्लेव क फीता काटि के उद्घाटन कइलें स्टार्टअप सोधार्थी नवाचार, उद्यमियन, निवेसकन अउर नीति निरमाता के एक्के मंच पर ले अइले के उद्देस्य से आयोजित येह कार्यक्रम में बिहने मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर केन्द्रीय मंत्री जितेन्द्र सिंहो सामिल होइहें। येह मौका पर एनबीआरआई क निदेसक डॉक्टर अजित कुमार शासनी कहलें कि येह आयोजन से हरित अर्थव्यवस्था अउर रोजिगार सृजन के बढ़ावा मिली।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी स्वतंत्रता दिवस पर लाल किला के प्राचीर से, वस्तु अउर सेवा कर यानी जीएसटी में बेसी सुधारन क घोसणा कइले रहलें। येह महिन्ना के तीनि तारीख के जीएसटी परिषद आम लोगिन क जिनगी बेहतर बनावे बदे कई गो क्षेत्रन खातिर कर के दर में कटउती कइले रहल। स्वास्थ्य क्षेत्र में जीएसटी सुधारन पर एगो रिपोर्ट–

***स्वास्थ्य बीमा प्रीमियम जिन पर पहले 18: जीएसटी लगता था। इस महीने की 22 तारीख से वह कर से पूरी तरह मुक्त हो जाएंगे। अब बीमा धारकों को केवल बेस प्रीमियम राशि का भुगतान करना होगा। इस क्षेत्र में टैक्स को समाप्त करने से विशेष रूप से वरिष्ठ नागरिकों और सेवानिवृत्त लोगों को बड़ा लाभ होगा, जो अक्सर उच्च प्रीमियम के कारण स्वास्थ्य बीमा लेने से हिचकिचाते हैं। मीडिया से बात करते हुए, बेंगलुरु के निवासी हेमंत राय सिंघानी ने बताया कि–***

***पहले प्रीमियम थे। उसके ऊपर आप जीएसटी पे करो, उससे पहले मैं अपनी सैलरी पर भी टैक्स पे कर रहा हूं तो उस हिसाब से डबल टैक्सेशन था। तो इट्स गुड। समर्थ सिंह के साथ रिशु जयसवाल आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

प्रदेस के सज्जो जिला में आजु हिन्दी दिवस मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर हिन्दी भासा के महातम पर चरचा खातिर कई गो संस्था के ओरि से विविध कार्यक्रम आयोजित कइल गइल हौ। हिन्दी के बढ़ावा देवे बदे निंबध अउर भासण जइसन कई गो प्रतियोगितो आयोजित कइल जा रहल बा, जेहमें लोगि बढ़िचढ़ि के हिस्सा ले रहल हवें। अजुये से कई गो संस्था में हिन्दी पखवाड़ा अउर हिन्दी सप्ताह क सुरूआति हो रहल हौ। एहमें अगिला पनरह दिन ले हिन्दी से जुड़ल कई गो आयोजन कइल जाई। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के हिन्दी दिवस क बधाई दिहले हवें। उहां के कहलीं कि हिन्दी हमनी क एकता क आधार अउर अस्मिता क प्रहरी हौ। ई भासा सज्जो देसवासियन के एकसूत्र में पिरोवे ला।

**********

भारतीय राष्ट्रीय भुगतान निगम एकीकृत भुगतान इंटरफेस–यूपीआई पर मनई से ब्यौपारी लेनदेन क सीमा के बढ़ा के दस लाख रूपिया रोजाना कइ दिहले हवे। ई बदलाव बिहने से लागू हो जाई। खरीदारी बदे बड़हन डिजिटल भुगतानन के असान अउर बेसी सुरक्षित बनावे बदे ई फैसिला लिहल गइल बा।

**********

येह बेरि दीपोत्सव के मौका पर अजोध्या क राम की पैड़ी अउर सरजू नदी के घाटन पर छब्बीस लाख से बेसी दीया बारल जाई। राज्य सरकार अजोध्या में दीपोत्सव के भव्य अउर दिव्य बनवले क तइयारी सुरू कइ दिहले हवे। येह क्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस पर आवे वाला ओन्नइस अक्टूबर के दीपोत्सव के दौरान ग्रीन फायर वर्क्स शो क आयोजन कइल जाई। ई अतिसबाजी पुरहर तरीका से प्रदूसरण मुक्त होई। करीब दस मिनट ले चले वाला ई शो संगीत, लेजर इफेक्ट्स अउर आधुनिक कोरियोग्राफी से सजल होई।

**********

सेवा पखवाड़ा के मौका पर समाज कल्याण विभाग एगो खास आयोजन करे जा रहल बा। कर्मयोगी पखवाड़ा क ई आयोजन सतरह सितम्बर से दुइ अक्टूबर ले कइल जाई। येह दौरान विभागीय अधिकारी नियमित अउर संविदा करमी आ सिक्षक कर्मयोगी पोर्टल **डब्लू डब्लू डब्लू आई जीओटी डॉट कर्मयोगी डॉट जीओवी डॉट इन** पर पंजीकरण कइ के कई गो ऑनलाइन प्रसिक्षण पाठ्यक्रम के पूरा करिहें।

**********

संतान क लमहर उमिरि खातिर आजु माता लोगि जिउतिया क बरत रखले हइनि। व्रती महिला लोगि निरजला उपास कइ के अपने संतान खातिर पूजा–अर्चना कइ रहल हइनि। बनारस में गंगा अउर वरूणा नदी के किनारे व्रती महिला भगवान जिउतवाहन क विधि–विधान से पूजा–अर्चना कइ के उनकर कथा सुनि रहलि हइनि।

**********

प्रदेस के कई गो पूरबी जिलन में काल्हि रतियें से असमान में बादर छवले हवे अउर रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक बरखा क वायुमण्डलीय परिस्थिति बनल बा, जेकरे नाते अगिला दुइ से तीनि दिन ले गरज–चमकि के साथे रूकि–रूकि के बरखा भइले क सम्भावना बनल रही। ओहर प्रदेस क कई गो नदी क बढ़ल जलस्तर अब घटे लागल हौ। प्रयागराज में गंगा अउर जमुना नदी क जलस्तर तेजी से घटि रहल हौ। बनारसो में गंगा के जलस्तर में गिरावट दरज कइल गइल हौ। हलांकि अबहिनों पूरबी उत्तर प्रदेस के कई गो नदियन के किनारे क गांव बाढ़ि के चपेटा में हौ। प्रदेस सरकार की ओरि से ओह गांवन में राहति अउर बचाव कार चलि रहल हौ।

**********